

Chè Pasyan:

**Nou sèten ke ou konnen, Coronavirus (COVID-19) la rive nan Nouyòk. Nan moman sa a, nou vle ba ou kèk enfòmasyon prensipal.** Nou konnen ke tout je brake sou evènman sa yo, e anpil moun gendwa genyen enkyetid akòz enfòmasyon y ap bay nan nouvèl yo.

### **Men enfòmasyon prensipal yo:**

- **Pifò moun ki trape COVID-19 p ap bezwen entènè lopital.** Souvan, sentòm yo sitelman lejè ke ou ka rekipere lakay ou.
- **Etap pou pwoteje tèt ou kont COVID-19** anjeneral yo se menm etap pou lagrip la: lave men ou epi pratike bonjan ijyèn.
- **Si ou PAT vwayaje nan yon zòn ke COVID-19 la afekte oswa si ou pat an kontak dirèk avèk yon moun ki genyen COVID-19 la, epi ou devlope pwoblèm respiratwa,** petèt ke ou genyen yon maladi sezon tankou lagrip, men se pa COVID-19
- **Chèche èd medikal** si ou kòmanse genyen souf kout ki grav, dezidratasyon ki grav oswa lòt maladi medikal ki grav

### **Men plis enfòmasyon:**

**Risk global pou genyen maladi grav akòz Coronavirus fèb anpil.** Plis pase 98% pasyan ki genyen Coronavirus yo p ap santi efè ki grav oswa ki mòtèl.

**Yon ti kantite pasyan ka devlope nemoni,** e kèk nan sa yo pral bezwen entènè lopital. Moun ki genyen pi gwo risk pou sa a se granmoun aje nou yo ansanm ak sa yo ki genyen maladi medikal kwonik, tankou dyabèt ak maladi kadyovaskilè.

**Paran – li nòmal pou genyen enkyetid pou jèn timoun nou yo,** men jiskaprezan, gwo majorite timoun ki genyen maladi a genyen yon maladi lejè nan aparèy respiratwa siperyè yo oswa yo pa genyen maladi ditou ki soti nan viris sa a.

**Meyè fason pou konbat Coronavirus se pou evite genyen li toudabò!** E meyè fason pou evite genyen li se gras ak **bon ijyèn:**

- Lave men ou souvan pandan omwen 20 segonn anba dlo tyèd. Si pa genyen savon ak dlo, itilize yon dezenfektan pou men ki fèt abaz alkòl

- Lè w ap touse oswa etènye, kouvri bouch ou ak pli koud ou oswa ak yon klinèks, apres a jete klinèks la nan poubèl
- Evite touche zye ou, nen ou ak bouch ou si men ou pa lave
- Aprann timoun ou yo gen yon bon ijyèn
- Piga bay moun lanmen nan sezon ivè sa a - y ap konprann
- Rete lakay ou si ou pa santi w byen
- Netwaye epi dezenfekte objè ak kote ou touche souvan yo

Si ou genyen sentòm ki tankou lagrip e ou pa genyen souf kout, meyè bagay ou ka fè pou tèt ou ak pou kominote w la se rete lakay ou.

**Si ou santi w malad pi grav, epi ou genyen difikilte pou respire, pig a pèdi tan pou chèche èd medikal.** Si ou pa ka jwenn yon sal dijans lokal, alèkile rele 911. Avize 911 si ou genyen risk pou genyen coronavirus la (ou te wwayaje ale Lachin, Itali, Kore Disid, Iran oswa Japon nan 14 dènye jou ki sot pase yo oswa ou te ankontak dirèk ak yon moun ke yo konfime ki genyen viris la.)

**Kòm dabitid, n ap di ou byenvini nan sant sante nou yo si ou genyen enkyetid konsènan maladi sa yo oswa nenpòt pati nan swen sante ou. Jis vini, oswa pran yon randevou sou sitwèb nou an, oswa lè w rele 1-844-HRH-CARE.**

HRHCare vle bay tout pasyan nou yo enfòmasyon ki ajou pandan moman difisil sa a. Tanpri vizite sitwèb nou [www.hrhcare.org](http://www.hrhcare.org) pou dènye enfòmasyon yo.

Sensèman,

Zanmi Ou yo nan HRHCare